



Resous pou Paran Imigran yo ak Moun k ap Pran Swen yo

Haitian Creole • Dec 2025

Si ou se yon moun imigran k ap pran swen yon timoun (tankou yon paran, yon gadyen legal, yon responsab legal, oswa yon lòt fanmi) epi ou gen enkyetid ke yo ta ka separe ou ak pitit ou akòz mezi aplikasyon lwa imigrasyon,
ou ka jwenn èd pou planifye pou lavni an lè w:



Lè w kontakte yon **founisè sèvis legal** gratis epi ou ka fè konfyans, lè w rele Liy Dirèk MOIA pou Sipò Legal nan Imigrasyon an nan:
1-800-854-0365



Chwazi yon **kontak ijans**, nan ka yo ta kenbe w. Konsidere aprann nimewo telefòn li pa kè. Sa dwe yon moun ou fè konfyans, tankou yon avoka pa egzanp.



Mete ajou enfòmasyon **kontak ijans** nan lekòl pitit ou a, lè w mete ajou Kat Ble pitit ou a nan lekòl li.



Nonmen **yon moun pou pran swen pitit ou a** epi pran desizyon enpòtan pou li, nan ka ou pa ta kapab fè sa.

**Gen plizyè fason pou nonmen yon moun pou pran swen pitit ou a.
Eskane kòd QR la pou aprann plis.**



1

Premye fason an se deziyen yon moun ki nan relasyon paran ak timoun nan lè w ranpli yon fòm ak Biwo Eta Nouyòk pou Sèvis Timoun ak Fanmi (NYS Office of Children and Family Services) ki rele OCFS-4940.

Sa ka fèt imedyatman epi li pa mande pou ou ale nan tribinal.

2

Dezyèm fason pou fè sa se atravè yon pwosesis yo rele Gadyen an Atant (Standby Guardianship).

Pwosesis sa a mande pou w fè yon depo dosye nan tribinal.



Mayor's Office of
Immigrant Affairs



Resous pou Paran Imigran yo ak Moun k ap Pran Swen yo

Haitian Creole • Dec 2025

Pou jwenn èd legal gratis ak konfidansyèl nan domèn imigrasyon, ki gen ladan èd pou konprann epi deziyen yon gadyen an atant, rele nimewo ki anba yo:



Liy Dirèk MOIA pou Sipò Legal nan Imigrasyon

1-800-354-0365

Lendi rive Vandredi, 9AM pou 6PM [Sèvis entèpretasyon disponib](#)



311

Di "Immigration" [Sèvis entèpretasyon disponib](#)




Family Legal Care

212-343-1122

Lendi rive Vandredi 9AM pou 1PM epi 2PM pou 5PM EST

**KONNEN
DWA
OU**



nyc.gov/knowyourrights

**SANT
JISTIS
FANMI**



nyc.gov/fjc



Lwa imigrasyon an konplike. Fè atansyon ak magouy legal nan domèn imigrasyon oswa founisè fwod ki ka fè fo pwomès.

Feyè sa a bay sèlman enfòmasyon jeneral. Li pa konsèy legal. Konsilte yon avoka pou jwenn konsèy legal.